

**Verite Sou**

# **VARYANT COVID-19 YO**



**Nou konnen gen anpil enfòmasyon deyò a.**

**Nou la pou pataje REYALITE YO sou varyant COVID-19 yo.**

## **Ki sa m bezwen konnen?**

- Tout virus chanje apre yon tan. Lè yo chanje, yo rele yo “varyant”. SARS-CoV-2, virus ki lakòz COVID-19 la genyen varyant tou.

Varyant yo ka afekte fason yon virus:

- • pwopaje
- reponn ak tretman
- afekte moun (grav oswa pa grav)



- Pou konnya, pa gen okenn prèv nouvo varyant yo lakòz maladi ki pi grav. Pifò moun ap gen ti sentòm tankou: tous, gòj fè mal, nen k ap fè larim, etènye, kò fè mal ak fatig.

- Dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), vaksen 2023 - 2024 COVID-19 ta dwe diminye maladi grav ak entène lopital.



**CDC ap kontinye suiv  
ak kontwole nouvo  
souch yo epi y ap  
pataje enfòmasyon lè  
yo vin disponib.**

**Verite Sou**

# VARYANT COVID-19 yo

**Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen, fanmi mwen ak zanmi mwen yo?**



- Malgre nou pa konnen nan ki vitès nouveau varyant yo pwopaje, yo pwopaje menm jan ak lòt varyant yo. Pran etap sa yo pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont enfeksyon:

- Pran vaksen an, menmsi ou te deja gen COVID-19. Pale ak yon pwofesyonèl swen sante pou konnen si w ta dwe pran vaksen kont grip ak RSV tou.
- Rete lakay ou si w malad oswa si w panse ou te ekspoze ak COVID-19. Fè tès si sa nesesè epi pale ak yon pwofesyonèl swen sante.
- Poze yon pwofesyonèl swen sante kesyon sou tretman si ou gen gwo risk pou w vin malad grav.

## Kijan mwen kapab jwenn bon enfòmasyon?

- Swiv sous ki fyab sèlman, tankou CDC, Depatman Sante New Jersey ak Akademi Ameriken pou Pedyatri, pou n site kèk.

- Pale ak ekspè medikal ki merite konfyans tankou pwofesyonèl swen sante w la sou vaksen COVID-19 la. Poze kesyon sou enfòmasyon ou jwenn sou entènèt.

Ede lòt moun jwenn bon enfòmasyon tou!  
Pa pataje enfòmasyon, sof si w konnen li se yon verite.

**POU JWENN PLIS ENFÒMASYON:**

Jwenn yon randevou: [vaccines.gov](https://vaccines.gov)

CDC COVID-19 Tracker: [covid.cdc.gov/covid-data-tracker](https://covid.cdc.gov/covid-data-tracker)

CDC Vaksen COVID-19 pou timoun: [cdc.gov/vaccines/programs/vfc](https://cdc.gov/vaccines/programs/vfc)

Te kreye: Oktòb 2023